

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Kacindekan ieu panalungtikan patalin jeung genep hal, nyaéta: 1) déskripsi tradisi nutu paré di Kampung Kuta disawang tina kajian tradisi lisan (téks, ko-téks, kontéks jeung ajén atawa norma), 2) tradisi nutu paré di Kampung Naga disawang tina kajian tradisi lisan (téks, ko-téks, kontéks jeung ajén atawa norma), 3) ajén atikan karakter nu nyampak dina tradisi nutu paré di Kampung Kuta, 4) ajén atikan karakter nu nyampak dina tradisi nutu paré di Kampung Naga, 5) babandingan tradisi nutu paré di Kampung Kuta jeung Kampung Naga disawang tina kajian tradisi lisan (téks, ko-téks, kontéks jeung ajén atawa norma) jeung ajén atikan karakterna, jeung 6) tradisi nutu paré di Kampung Kuta jeung Kampung Naga dina wangun bahan ajar basa Sunda matéri bahasan tradisi Sunda di SMA kelas XII.

Kahiji déskripsi tradisi nutu paré di Kampung Kuta disawang tina kajian tradisi lisan (téks, ko-téks, kontéks jeung ajén atawa norma). Tina téks dicangking nyaéta diksi jeung ungkara, kapamalian, jeung dongéng. Dumasar kana hasil wawancara jeung rékaman dongéng anu kapanggih dina tradisi nganyaran di Kampung Kuta nu patali jeung Nyi Pohaci téh aya tilu. Ko-téks anu aya dina tradisi nuru paré di Kampung Kuta nyaéta runtuyanna nyaéta: tatahar, nutu, nyangu tur masak, jeung tawasulan (ngawinkeun Nyai Pohaci). Ngaran ieu kagiatan di Kampung Kuta nyaéta nganyaran, aya ogé nu nyebutna mitembeyan. Palaku anu ngarojong kana lumangsunga ieu tradisi nyaéta Punduh, Gugundi, jeung masarakat. Barang-barang anu dipkaé téh utamana halu jeung lisung, jeung maké parabot dapur. Kadaharan dina ieu tradisi téh aya nu diatur nyaéta dina deungeunna. Gerakan dina ieu tradisi dipasing-pasing luyu jeung prosés kagiatanna. Tempat lumangsungna ieu tradisi nganyaran téh nyaéta téngah imah Aki Punduh, dapur imah Aki Punduh, jamban umum, balong, jeung pakarangan imah Aki Punduh. Waktu lumangsungna ieu tradisi nganyaran téh gumantung kana panén nu dilakonan di Kampung Kuta, sataunna bisa dua atawa tilu kali panén. Kontéks dina tradisi nutu paré di Kampung Kuta dicangking tina pungsi budaya, sosial, situasi,

jeung idéologi. Eusi kajian tradisi lisan dina ieu tradisi ngawengku ajén jeung norma anu dianalisis luyu jeung sawangan Warnaen.

Kadua, déskripsi tradisi nutu paré di Kampung Naga disawang tina kajian tradisi lisan (téks, ko-téks, kontéks jeung ajén atawa norma). Téks anu dicangking nyaéta diksi jeung ungkara, kapamalian, jeung dongéng. Dongéng anu kapanggih anu aya patalina jeung Nyi Pohaci ukur sahiji. Ko-téks anu aya dina tradisi nuru paré di Kampung Kuta mangrupa runtuyan kagiatan nyaéta: tatahar, nutu, nyangu jeung masak, jeung ngadu'a. Ngaran ieu kagiatan di Kampung Naga nyaéta tradisi ngaleuseuhan, aya ogé anu nyebut ngarasulan. Palaku anu ngarojong kana lumangsunga ieu tradisi nyaéta Indung Goah, nu ngayakeun ieu tradisi, anu mingpin du'a, jeung masarakat sabudeureun. Barang-barang anu dipaké téh utamana halu jeung lisung, jeung maké parabot dapur. Kadaharan dina pangradinan aya aturanna, tapi deungeun sangu euweuh aturanna. Gerakan dina ieu tradisi dipasing-pasing luyu jeung prosés kagiatanna. Tempat lumangsungna ieu tradisi nganyaran téh di imah Aki Kirana anu maké rohangan téngah imah, goah, jeung dapur, jamban umum, jeung di saung lisung. Waktu lumangsungna ieu tradisi nganyaran téh gumantung kana panén nu dilakonan, sataunna bisa dua atawa tilu kali panén. Kontéks dina tradisi nutu paré di Kampung Kuta dicangking tina pungsi budaya, sosial, situasi, jeung idéologi. Eusi kajian tradisi lisan dina ieu tradisi ngawengku ajén jeung norma anu dianalisis luyu jeung sawangan Warnaen.

Katilu, ajén atikan karakter dina tradisi nganyaran di Kampung Kuta kacangking salapan ajén nyaéta: *religius, disiplin, kerja keras, kreatif, mandiri, cinta tanah air, bersahabat/komunikatif, peduli lingkungan, jeung tanggung jawab*. Ajén atikan anu panglobana aya dina ajén *religius*.

Kaopat, ajén atikan karakter dina tradisi ngaleuseuhan di Kampung Naga kacangking salapan ajén nyaéta: *religius, disiplin, kerja keras, kreatif, mandiri, cinta tanah air, bersahabat/komunikatif, peduli lingkungan, jeung tanggung jawab*. Ajén atikan anu panglobana aya dina ajén *religius*.

Kalima, data dina tradisi nutu paré di Kampung Kuta jeung di Kampung Naga dibandingkeun tina kajian tradisi lisan anu ngawengku wangun (téks, ko-téks, jeung kontéks) jeung eusina (ajén atawa norma) jeung ajén atikan karakterna. Dongéng anu miboga sasaran nyaéta dongéng Asal-muasal Nganyaran ti

Kampung Kuta jeung dongéng Asal-muasal Nutu ti Kampung Naga. Babandingan ko-téks tina tradisi nutu paré di Kampung Kuta jeung Kampung Naga dianalisis tina runtuyan kagiatanna sarua nyaéta aya opat prak-prakan. Kegiatan nganyaran jeung ngaleuseuhan nurutkeun kamus basa Sunda miboga harti nu sarua, nyaéta anyar, ngamimitian, atawa weuteuh. Salin ti éta tina hartina ogé sarua nyaéta pikeun nutu paré anyar, sangkan meunang kabarokahan. Palaku dina ieu tradisi aya nu béda ngarana tapi pungsina sarua jeung béda ngaran ogé béda pungsina, sasaruana dina palaku nu nutu nyaéta Gugundi jeung Indung Goah. Barang-barang anu dipaké dina tradisi nutu sabagéan gedé sarua nyaéta parabot dapur, utamna halu jeung lisung. Kadaharan anu dipaké dina ieu tradisi aya nu sarua nyaéta béas jeung sangu, salian ti éta aya kadahar anu dipercaya salaku karesep Nyai Pohaci. Tina gerakan dina ieu tradisi loba gerakan anu sarua, boh anu sarua ngaranna jeung gerakanna, boh anu béda ngaranna tapi sarua gerakanna. Tina tempat lumangsuna kagiatan sasaruana dina makéna jamban umum, rohangan tengah imah, jeung dapur. Bédana di Kampung Kampung Kuta nutu téh di dapur, di Kampung Naga nutuna masih maké saung lisung. Tina waktu diayakeunna ieu tradisi miboga sasaruana, nyaéta nutu téh gumantung waktu panén kalayan katangtuan nu husus, jeung aya poé-poé anu dianggap hadé dina ngolah paré. Babandingan kontéks dina ieu tradisi dicangking tina pungsi budaya, sosial, situasi, jeung idéologi. Babandingan eusi sarua nyaéta tina moral nurutkeun Warnaen. Babandingan ajén atikan karakter dina tradisi nganyaran miboga sasaruana nyaéta kacangking salapan ajén atikan karakterk anu ngawengku ajén *religius, disiplin, kerja keras, kreatif, mandiri, cinta tanah air, bersahabat/komunikatif, peduli lingkungan, jeung tanggung jawab*. Ajén atikan anu panglobana aya dina ajén *religius*.

Hasil panalungtikan tradisi nutu paré di Kampung Kuta jeung Kampung Naga dilarapkeun kana bahan ajar anu ngawengku sumber diajar dina wangun citak, wujudna *pesan*, jeung dina kategori bahan téks. Salian ti éta bahan ajar disusun kalayan fakta, konsép, prinsip, jeung prosedur.

5.2 Rékoméndasi

Dumasar kana kacindekan, aya sawatara saran pikeun lajuning laku ieu panalungtikan tradisi nutu paré di Kampung Kuta jeung di Kampung Naga.

Dipiharep ieu hasil panalungtikan ngeuyeuban kana tradisi nu aya di Jawa Barat, hususna kagiatan upacara tradisi anu patali jeung tatanén. Sangkan ieu tradisi teu tumpur, aya sababaraha saran tina ieu hasil panalungtikan, sakumaha dijéntrékeun ieu di handap.

- 1) Pikeun pangajaran, hasil panalungtikan bisa dijadikeun salah sahiji alternatif bahan ajar basa Sunda di SMA kelas XII dina materi bahasan tradisi Sunda luyu jeung kurikulum 2013 hasil révisi 2017.
- 2) Pikeun guru, bisa nambahan pangaweruh dina ngamekarkeun bahan ajar, ku cara ngalarapkeun ajén atikan karakter tradisi nutu paré di Kampung Kuta jeung Kampung Naga disawang tina kajian tradisi lisan.
- 3) Pikeun siswa, hasil panalungtikan bisa jadi pangaweruh dina ngamumulé tradisi nu aya disabudeureun nepi ka numuwuhkeun rasa mikareueus kana budaya Sunda. Salian ti éta ieu hasil panalungtikan bisa dijadikeun bahan aprésiasi tradisi nu aya disabureunna, nepi ka siswa mihakanyaho kana tradisi nu aya disabudeureunna.
- 4) Pikeun masarakat, hasil panalungtikan dipiharep bisa nambahan pangaweruh ngeunaan budaya jeung tradisi urang Sunda, numuwuhkeun kareueus kana budaya Sunda, sarta méré motivasi pikeun ngamumulé tradisi Sunda disabudeureunna, jeung numuwuhkeun rasa mikahormat kana pare.
- 5) Pikeun panalungtik, bisa mikanyaho leuwih jero ngeunaan tradisi nu aya di sabudeureunna, nambahan pangaweruh dina widang budaya Sunda utamana dina tradisi, jeung numuwuhkeun kareueus kana budaya Sunda.